WIKIPÉDIA

Dhialèk Jawa Wétanan

Carabasa Jawa Wétanan (Ind: dialek bahasa Jawa Timur) utawa **basa Jawa Wétanan** (iku salah siji saka telung carabasa gedhé basa Jawa kang dicaturaké ing mèh saindengé tlatah Jawa Wétan lan sawenèh tlatah Jawa Tengah brang lor-wétan. Carabasa Jawa Wétanan brang lor watesé tekan tlatah Jawa Tengah, déné brang kidul ora nyrambahi kabèh tlatah kidul Jawa Wétan. Paling kulon, carabasa Jawa Wétanan dicaturaké tekan Pathi lan Grobogan. Paling wétan, carabasa Jawa Wétanan dicaturaké tekan Banyuwangi, kang sapéranganė nganggo basa Using. Carabasa iki dumadi saka pirang-pirang bageyan carabasa kaya: Blora, Pathi, Bojanegara, Gresik, Surabaya, Malang, lsp.

Carabasa Jawa Wétanan yèn dibandhingna karo carabasa baku (carabasa Jawa Tengahan), bédané katon ing babagan swarajati (Ind: fonetik) lan paramasastra (Ind: tatabahasa).

Isi

Swarajati

Ing sawenèh wewengkon, kaya Gresik, Pasuruan, Surabaya, Sidaharja, fonem swara carabasa Jawa Wétanan kang ditemokaké ana wolu: /a/, /i/, /u/, /e/, /ə/, /ɛ/, /o/, lan /ɔ/.[1] Iki béda saka gunggung fonem swara kang ditemokaké ing carabasa baku kang cacahé enem[2]: /a/, /i/, /u/, /e/, /ə/, lan /o/, déné /ɛ/ lan /ɔ/ dianggep alofon. Pasangan minimal kanggo nuduhaké yèn /ɛ/ lan /ɔ/ iku fonem contoné tembung /ɔmbɔ/ ('jembar') lan /amba/ ('ngambah'), uga tembung /kabe/ ('*kulawarga berencana*') lan /kabɛ/ ('kabèh').[1]

Ing carabasa Jawa Wétanan, ana korèspondhènsi antarané uni [ɛh] lan [ɔh] karo [ɪh] lan [ʊh] ing carabasa Jawa Tengahan. Contoné kaya ing Pasuruan karo Bojanegara, tembung /mulɛh/ korèspondhènsi lan tembung *mulih* /mulɪh/ ing carabasa Jawa Tengahan, déné tembung /abɔh/ korèspondhènsi lan tembung *abuh* /abʊh/ ing carabasa Jawa Tengahan.[1]

Fonem /w/ ing awal tembung iku ora muncul ing carabasa Jawa Wétanan. Contoné, tembung Jawa Tengahan *wétan*, *weruh*, karo *wutuh* dadi /etan/, /ərʊ(h)/ utawa /ərɔ(h)/, karo /utʊ(h)/.[1]

Paramasastra

Ing babagan gramatika, carabasa Jawa Wétanan duwé ciri ing tataran morfologi lan sintaksis.

Morfologi

Ana limang ciri morfologi kang mbédakaké carabasa Jawa Wétanan saka Jawa Tengahan, ya iku:

- panambang *-(n)em* kanggo nandhani persona keloro[1] kang ditemokaké ing wewengkon Blora, Pathi, lan Rembang;
- panambang *-lèh* kanggo nandhani imperatif[1] kang ditemokaké ing wewengkon Blora, Pathi, lan Rembang;
- ater-ater *tik-* kanggo nandhani tembung kriya pasif[1]; *tik* uga kanggo tembung ancer-ancer[1];
- dwipurwa kang tegesé 'nganggo'[1];
- ater-ater *sun-* utawa *sang-* kanggo nandhani pronomina posèsif ing sadurungé tembung aran[1]; *sang-* dienggo ing wewengkon Gresik.

Ciri morfologi	Jawa Wétanan	Jawa Tengahan
panambang *-(n)em*	jambunem kalungem	jambumu kalungmu
panambang *-lèh*	sigarlèh panganlèh	sigara pangana
ater-ater *tik-*	tikpangan tiksapu	dipangan disapu
dwipurwa 'nganggo'	gegelung	gelungan
ater-ater *sun-* ater-ater *sang-*	sunroti sangroti	rotiku rotiku

Sintaksis

Ciri sintaksis kang mbédakaké carabasa Jawa Wétanan saka Jawa Tengahan katon ing struktur ukara pasif mawa pelaku persona I lan II. Nèk strukturé ing carabasa baku *tak-V* utawa *kok-V*, ing carabasa Jawa Wétanan strukturé dadi *di-V (karo) awakku* utawa *di-V (karo) awakmu*[1].

Ciri sintaksis	Jawa Wétanan	Jawa Tengahan
di-V (karo) awakku	Wit gedhang tikpékul karo awakku. Wit gedhang tikpékul awakku.	Wit gedhang takpikul.
di-V (karo) awakmu	Wit gedhang tikpékul karo awakmu. Wit gedhang tikpékul awakmu.	Wit gedhang kokpikul.

Cathetan sikil

1. Wedhawati 2006, k. 22.
2. Wedhawati 2006, k. 65.

Référènsi

- Wedhawati (2006). *Tata Bahasa Jawa Mutakhir* (http://books.google.com/books?id=GgUSxxXw0JIC). Kanisius. ISBN 978-979-21-1037-1.

D · R · B (https://jv.wikipedia.org/w/index.php?title=Cithakan:Basa_Jawa&action=edit)

Basa Jawa				
Paramasastra	Fonologi · Morfologi · Sintaksis			
Sajarah	Jawa Kuna · Jawa Tengahan · Jawa Anyar			
Aksara	Carakan · Pégon · Latin			
Warna-warna	Jawa Baku			
	Dhialèk	Jawa Wétanan	Surabaya · Malang	
		Jawa Tengahan	Semarangan · Mataraman (Ngayogyakarta-Surakarta)	
		Jawa Kulonan	Sérang · Cerbon-Dermayu · Tegal · Banyumasan	
	Walikan	Malangan · Ngayogyakarta · Semarangan		
Unggah-ungguh	Tembung	Baku	Ngoko (lan Krama ngoko) · Krama · Krama inggil (lan Krama andhap)	
		Ora baku	Krama enggon-enggonan · Krama désa · Krama madya	
	Basa	Modhèren	Ngoko	Ngoko lugu · Ngoko alus
			Krama	Krama lugu · Krama alus
		Kajawèn	Ngoko	Ngoko lugu · Ngoko antya-basa · Ngoko basa-antya
			Madya	Madya ngoko · Madyantara · Madya krama
			Krama	Wrédha krama · Kramantara · Mudha krama
		Bagongan		
Liyané	Angka · Geguritan · Jeneng · Sastra · Konggrès Basa Jawa			